



Anaplasmoz

Kisa anaplasmoz ye?

Anaplasmoz, ki rele elikyòz granilosité imen, se yon maladi ki soti nan tik pa mwayen yon mikwòb *Anaplasma phagocytophilum*. Tik chèvrèy yo (ke moun konnen sou non tik pat nwa) ka simaye anaplasmoz ba moun nan Boston ak lòt kote nan Lakòt Lès la, men bagay sa a ra anpil. Tik pat nwa nan Lwès yo ka simaye enfeksyon sa a nan tout lakòt Pasifik Etazini.

Ki kote nou jwenn tik yo?

Nou ka jwenn tik yo nan zòn kote ki gen anpil raje, anpil bwa ak anpil zèb nan Boston. Tik yo pi aktif epi pi ka simaye maladi nan peryòd ant prentan ak bonè nan sezon lotòn, men yo kapab aktif nenpòt lè tanperati a pa glase.

Kouman anaplasmoz simaye?

Tik pat nwa a yo kole nan plant ki pre atè a epi tou yo kole sou bèt ak moun ki gen kontak dirèk ak yo. Tik yo pa vole, sote, oubyen sot tonbe nan bye bwa. Nan 4 etap nan lavi tik yo (ze, lav, nenf/jèn, adilt), jèn tik nenf ak tik adilt yo pi fasil simaye anaplasmoz. Tik pat nwa a yo piti anpil, tankou nou wè anba la a, men tik adilt yo pi gwo epi li pi fasil pou jwenn yo pase jèn tik nenf yo.

Blacklegged Tick (*Ixodes scapularis*)



Imaj: Gwosè relatif tik chèvrèy (tik pat nwa) nan diferan etap nan lavi yo.

Tik yo viv jiska 3 lane epi yo mòde bèt tankou moun. Anpil tik pa pote anaplasmoz, epi si yon tik mòde ou, sa pa vle di ou pral gen maladi a. Si tik la enfekte, dabitid li bezwen rete tache sou kò yon moun pandan 12-24 èdtan anvan li ka bay moun nan enfeksyon. Retire yon tik ki kole sou ou ka bese chans pou vin enfekte.

Kisa sentòm anaplasmoz yo ye?

Sentòm yo dabitid devlope 1 a 2 semèn apre enfeksyon epi kèk nan yo se ka lafyèv, mal tèt, doulè nan miskilati, sansasyon malèz jeneral oubyen sansasyon “movèz imè,” frison, kè plen, doulè nan vant, tous, oubyen konfizyon. Li ra pou gen gratèl epi tou se kapab siy yon lòt maladi tik bay (tankou maladi Tik/Lyme). Lòt sentòm pi grav ankò se ka pwoblèm pou respire, senyen, pwoblèm nan ren, pwoblèm newolojik. Nan ka ra a yo, anaplasmoz ka bay lanmò si li pa trete byen vit. Moun ki gen sistèm iminitè fèb yo gen plis chans pou fè gen maladi grav si yo enfekte.

Kisa mwen dwe fè si mwen panse mwen gen anaplasmoz?

Si ou fè gen kèk nan sentòm anaplasmoz yo epi ou kwè yon tik te mòde ou, ou dwe kontakte doktè ou.

Li ka difisil pou dyagnostike anaplasmoz paske sentòm li yo sanble ak sentòm lòt maladi. Doktè ou pral poze ou kesyon sou kontak ou fè ak tik epi li pral fè yon egzamen fizik konplè epi li ka menm voye fè tès nan laboratwa. Si doktè ou sispèk ou ka gen anaplasmoz, li ka kòmanse tretman menm kote a.

Kouman yo trete anaplasmoz?

Yo sèvi ak antibyotik pou trete anaplasmoz. Si nou pran sa bonè, antibyotik yo ka anpeche konplikasyon grav.

Kouman pou mwen anpeche anaplasmoz?

Pi bon fason pou anpeche anaplasmoz se evite zòn yo kote tik yo pi fasil rete. Lè ou diminye kouvèti ak lonbray, kenbe gazon koupe, retire pil fèy, taye ti pye bwa ak gwo pye bwa kapab ede kenbe kote sa a yo mwen atiran pou tik yo. Lòt prekosyon pou pran lè nou deyò nan zòn ki gen tik yo:

- Mete chemiz manch long ak pantalon long, epi foure pye pantalon yo andedan chosèt ou.
- Rad ki gen koulè pal ka ede jwenn tik yo anvan yo rive nan po ou.
- Rete nan mitan wout yo lè ou nan yon zòn ki gen anpil pye bwa.
- Sèvi ak pwodui pou pouse ensèk ki gen DEET sou po ki ekspozè. Li etikèt yo ak anpil atansyon. Sèvi ak pwodui ki pa gen plis ke 30% DEET. Pa itilize pwodui pou pouse ensèk sou ti bebe yo. Lave po nou ak savon ak dlo lè nou retounen andedan kay la.
- Gen lòt pwodui pou pouse ensèk ki pa gen DEET ke EPA apwouve pou tik yo. Ale nan <http://www2.epa.gov/insect-repellents/find-insect-repellent-right-you> pou jwenn pwodui pou pouse ensèk ki bon pou ou.
- Toujou tcheke tèt ou ansanm ak timoun ou yo pou nenpòt tik ki te ka kole sou nou apre nou te nan yon zòn kote ki ka gen anpil tik. Retire tout tik imedyatman.

Kisa mwen dwe fè si mwen jwenn yon tik sou mwen, pitit mwen oubyen bèt konpay mwen?

Retire tout tik ki kole sou nou yo imedyatman ak pens ki gen pwent fen.

- Pa peze oswa pa tòde tik la paske sa ka lakòz moso nan tik la pou kase epi rete sou po a. Pran tik la ak pens tou pre po a epi rale li tou dwat ak presyon solid. Pa sèvi ak alimèt, pomad vazlin, ak savon pou retire tik la.
- Netwaye po a bò mòde a ak savon ak dlo oubyen yon dezenfektan.
- Make dat ak plas mòde a pou referans pita.

Si ou devlope sentòm grip, kontakte doktè ou.

